

Bureau of Public Work
State Office Building Campus
Building 12 – Room 130
Albany, New York 12226

WE ARE YOUR DOL



Pou Itilizasyon Ofisyèl Sèlman:

Dat nou resevwa l:

Nimewo PRC ki te sèvi anvan sa:

Atestasyon Pou Pwojè ki Kouvri

Demann Enfòmasyon pou Salè ak Ogmantasyon

Voye fòmilè sa a pou w konfime si LL 224-a kouvri yon pwojè oswa pou w mande yon desizyon pou yon pwojè Komite Sibvansyon Piblik yo kouvri. Ou ka voye l nan adrès ki pi wo a oswa voye l pa imel nan:

labor.sm.5184851870Fax@labor.ny.gov

Ranpli Espas ki Pou Ranpli yo oswa Tape pou w Ranpli Fòmilè a

Moun ki voye l ale: Pwopriyetè Devlopè

A. Moun k ap pase kontra a:

1. Non: _____
Adrès Konplè: _____
Telefòn: _____ Faks: _____
Imel: _____
2. Voye Repons lan bay: _____
Adrès Konplè: _____
Telefòn: _____ Faks: _____
Imel: _____
3. Dat Kontra a: _____
Dat Kòmansman Konstriksyon an: _____
(bay yon dat pwòch si w pa gen yon dat presi)
Non Kontra a oswa Nimewo ID: _____
4. Mèt Kontra a: _____
Bay moun k ap travay sou kontra ou konnen: _____

B. Detay sou Pwojè a:

5. Non Pwojè a: _____
Deskripsyon Travay la: _____
6. Kote Pwojè a ap fèt: _____
Adrès: _____
7. Sa Pwojè a ye (koche tout sa ki aplikab yo):
 Nouvo konstriksyon Gwo/Otowout
 Y ap mete sou yon Konstriksyon k te la Deja Kanal/Pasaj Dlo
 Demolisyon, Diminisyón Enèji Renouvlab
 Rekonstriksyon, Netwayaj, Reparasyon, Chanjman Rezo Enèji Chalè
 Lòt: _____
8. Bay tout Sibvansyon ak Sous: _____

- Kantite Depans Antou pou Pwojè a: \$ _____ Montan Sibvansyon Antou: \$ _____
Sibvansyon yo Koresponn ak _____ Pousan (%) Kantite Depans Antou pou Pwojè a
9. Non ak Tit: _____
Siyati: _____

OBLIGASYON ATIK 8 SEKSYON 224-a NAN LWA TRAVAY ETA NOUYÒK

Chak pwopriyetè ak devlopè ki gen pou yo respekte obligasyon nan seksyon sa a dwe respekte objektif ak vizyon minorite a ak biznis kote se fanm ki mèt yo ann amoni ak atik kenz-A lwa egzekitif la ak biznis kote mèt yo se ansyen militè andikape ann amoni ak atik disèt-B lwa egzekitif la.

10. Èske Pwopriyetè a fè pati yon minorite, se yon fi, e/oswa li se yon ansyen militè ki andikape ki gen yon biznis? _____
11. Èske Devlopè (si se pa pwopriyetè a) a fè pati yon minorite, se yon fi, e/oswa li se yon ansyen militè ki andikape ki gen yon biznis? _____
12. Bay tout moun Ki Gen Kontra e k ap travay sou yon kontra ki fè pati yon minorite, se yon fi, e/oswa li se yon ansyen militè ki andikape ki gen yon biznis:

ATESTASYON / DEMANN POU DESIZYON

Apati _____ e pou yon pwojè presi, ki se _____ , _____ ,
(Dat) (Tit Pwojè a) (Non moun k ap bay atestasyon an)
_____, deklare anba sanksyon pou fo deklarasyon ann amoni ak Lwa Travay
(Non moun k ap bay atestasyon an) Travay 224-a.8.a Eta Nouyòk la:

- Si w pa konn si pwojè sa gen pou I respekte dispozisyon nan lwa 224-a Eta Nouyòk la e yo mande yon desizyon Komite Sibvansyon Piblik la nan dokiman sa a.
- Pwojè sa gen pou I respekte dispozisyon nan lwa 224-a Eta Nouyòk la
- Pwojè sa pa gen pou I respekte dispozisyon nan lwa 224-a Eta Nouyòk la
(si I pa gen pou I respekte I, chwazi tout sa ki aplikab)
 - Montan pou depans pwojè a antou se \$5 milyon dola.
 - Finansman piblik total la koresponn ak mwens pase 30% sa pwojè konstriksyon an koute antou.
 - Pwojè sa pa gen pou I respekte youn nan dispozisyon anrapò ak Sibvansyon 4 nan lwa 224-a Eta Nouyòk la.

Tanpri presize: _____

- Finansman piblik la pa gen pou I respekte youn nan dispozisyon anrapò ak Sibvansyon 3 nan lwa 224-a Eta Nouyòk la.

Tanpri presize: _____

Siyati: _____

Adrès moun k ap bay atestasyon an:

Dat: _____

Atestasyon sa a dwe gen siyati manm ekip k ap dirije a ki responsab e ki konnen, dirèkteman oswa pa mwayen lòt moun nan òganizasyon an, konsènan dosye afimasyon an kouvari.

**OBLIGASYON ATIK 8
(SEKSYON 220 RIVE NAN 224-C)
NAN LWA TRAVAY ETA NOUYÒK**

PWOJÈ KI KOUVRI KI GEN POU RESPEKTE SALÈ NAN MOMAN AN:

Yon "pwojè ki kouvri" vle di travay konstriksyon ki fèt sou kontra yo peye tout oswa yon pati san yo pa sèvi ak finansman publik kote montan tout finansman publik sa yo, lè yo mete yo ansanm, total la se omwen trant pousan kante kòb pwojè konstriksyon an koute antou e kote pwojè sa a koute plis pase senk milyon dola.

"Finansman Publik" dwe vle di nenpòt nan sa ki annapre yo: (a) Pèman lajan, yon etablisman publik fè, oswa yon lòt etablisman ki pa konsène fè nan non ak nan avantaj yon etablisman publik, dirèkteman bay mèt kontra a, moun k ap travay sou kontra a, devlopè oswa pwopriyetè oswa nan non I ki pa gen pou yo remèt lajan, (b) ekonomi ki rive fèt nan montan pou bay yo, to enterè, oswa sa lòt prè koute, oswa sa asirans koute ki pi ba pase to ki sou mache a; ekonomi sou diminisyon taks akoz yo resevwa lajan pou taks, diminisyon taks, yo pa gen pou yo peye taks oswa finansman grasa ogmantasyon taks; ekonomi sou pèman olye pou peye taks; ak nenpòt lòt ekonomi ki fèt grasa montan ki diminye, anile, oswa padone ki ta ka yon to ki pi wo oswa sa ki sou mache a men pou patisipasyon etablisman publik la, (c) lajan etablisman publik la prete pou I kontinye remèt, ak (d) kredi ki etablisman publik la aplike lè y ap remèt lajan nan etablisman publik la. "Finansman Publik" PA dwe vle di sa k annapre yo: (a) avantaj daprè seksyon 421-a Lwa Enpo Lokatif la, (b) finansman yo pa bay pou fè pubblicite, ankouraje, oswa garanti travay konstriksyon an fèt, (c) finansman pou ankouraje oswa garanti devlopman sistèm kanal la fini, piske travay sa a dwe yon travay publik, (d) avantaj taks yo bay pou kantite tan pwojè a dire ak valè a ki pa ka kalkile nan moman travay la ap fè t la, (e) avantaj taks ki gen rapò ak netwayaj oswa amenajman yon lòt fason kanal yo, (f) finansman yo bay ann amoni ak pati 3 nan seksyon 2853 lwa Edikasyon an, (g) nenpòt lòt lajan, kredi, ekonomi oswa prè, ki se eksepsyon daprè Komite Sibvansyon Publik la ki tabli ann amoni ak seksyon 224-c nan lwa Travay Eta Nouyòk la. Pwojè sa yo ki kouvri a gen pou respekte obligasyon pou salè nan moman an nan Seksyon 220 ak 220-b nan Lwa Travay Eta Nouyòk la.

Eksepsyon pou sa ki pwojè ki kouvri ki gen pou respekte salè ki gen nan moman an mansyone nan seksyon 224-a.4 e men kèk bagay li gen ladan l: travay konstriksyon ki fèt sou yon kontra ak kèk konpayi benevòl, travay konstriksyon ki fèt nan kad pwojè lojman abòdab, travay konstriksyon ki fèt nan kad yon antant lapè pou kesyon travay, antant pwojè travay, oswa antant negosyasyon anvan yo anboche moun ki fèt ant pwopriyetè a oswa mèt kontra a ak yon òganizasyon sendika ki gen bon volonte nan zòn batiman an, ak konstriksyon ki fèt antanke reprezantan negosyasyon an pou tout moun k ap travay sou yon pwojè konsa, e kote se sèl mèt kontra yo ak moun k ap travay sou kontra yo ki siyen yon antant ki negosye alavans ak òganizasyon travay la ki ka travay sou pwojè sa a.

Pwopriyetè oswa devlopè pwojè ki kouvri a dwe konfime anba penalite pou fo deklarasyon nan espas senk jou apre kòmansman travay konstriksyon an si pwojè a gen pou I respekte dispozisyon ki nan seksyon sa a pa mwayen Fòmilè Atestasyon pou Pwojè Ki Kouvri/Demann pou Salè ak Lòt Enfòmasyon

Pwoprietè oswa devlopè yon teren ki gen yon pwojè sou yon kontra prive, dwe chèche èd nan men Komite Sibvansyon Publik la e komite a ka pran yon desizyon pèmanan nan kad nenpòt dosye presi ki gen rapò ak yon pwojè ki la deja oswa ki ka kouvri. Demann pou yon desizyon Komite a dwe fèt lè w voye fòmilè sa a ale (PW-39a) nan Biwo Travay Publik pa lapòs oswa nan lis imel ki nan tèt paj 1 an. Tout lèt w ap voye nan Komite Sibvansyon Publik yo dwe ale nan:

New York State Department of Labor - Bureau of Public Work
Attn: Public Subsidy Board Secretary
State Office Building Campus
Building 12 - Room 130
Albany, NY 12226

Enfòmasyon konsènan Komite Sibvansyon Piblik la, lwa ak pwoesi I yo, orè rankont yo, anrejistrem an rankont ki te fèt déjà yo, ak lis desizyon Komite a te pran déjà yo disponib nan: https://dol.ny.gov/public_subsidy-board

LIMIT TARIF KI GEN NAN MOMAN YO:

Lwa Travay la mande mèt kontra yo ak moun k ap travay sou kontra yo pou yo pa peye travayè yo, oswa mekanisyen ki anpliwaye pou kontra travay piblik yo mwens pase tarif salè ki gen nan moman an e pou yo bay plis bagay (avantaj sosyal) ann anmoni ak pratik ki gen nan moman an nan zòn kote travay la ap fèt la.

Ou ka jwenn limit tarif salè ki gen nan moman an ak lòt avantaj ki afiche tarif pou èd tan pou metye ak okipasyon travayè ki gen pou yo anboche sou pwojè a nan Biwo Travay Piblik nan Eta Nouyòk pou Ministè Travay Eta Nouyòk, lè w ranpli epi voye Fòmilè Atestasyon Pou Pwojè ki Kouvri/Demann Enfòmasyon pou Salè ak Ogmantasyon ak Lòt Enfòmasyon. Tout mèt kontra yo ak moun k ap travay sou kontra yo dwe afiche deklarasyon ki lizib pou tout limit tarif yo ak lòt avantaj yo yon kote klè e ki fasil pou moun wè nan lokal kote travay la ap fèt la. Afich la dwe ka reziste ak move tan e tit la dwe "Limit Tarif Salè Nan Moman an," nan fòma ki pa pi piti pase 2 pouz nan wotè ak 2 pouz nan lajè.

Tout mèt kontra yo ak sa k ap travay sou kontra yo dwe voye mesaj ekri bay tout travayè oswa mekanisyen yo anboche pou ba yo tout resi pèman nan tarif ki nan moman an pou kategori travay yo a.

Tout mèt kontra yo ak sa k ap travay sou kontra yo dwe konsève fich resi orijinal ki montre yo peye yo a, enskri oswa deklare oswa konfime li se verite anba penalite pou fo deklarasyon, kote l ap gen non ak adrès chak travayè oswa ouvriye oswa mekanisyen pou travay yo fè, kantite lajan yo peye pou chak èdtan ak lòt avantaj yo peye oswa bay.

PÈMAN MÈT KONTRA YO KENBE:

Si Biwo Travay Piblik la wè yon moun ki gen yon kontra oswa k ap travay sou kontra moun nan yon pwojè piblik pat peye salè nan moman an oswa lòt avantaj yo, Biwo a gen otorizasyon grasa Seksyon 220-b nan lwa travay la pou fè Ajan Finansye Depatman Otorite ki te bay Kontra a conn sa a. Ajan sa a DWE kenbe oswa fè yo kenbe nenpòt pèman yo dwe mèt kontra a pou kontra sa a montan Biwo Travay Piblik la mansyone a ki sifi pou peye salè ak lòt avantaj yo pa peye yo, sa gen ladan I enterè ak nenpòt penalite civil Komisè Travay la ka evalye.

Depatman Otorite a dwe respekte lòd Komisè Travay la oswa Tribunal la pou peye lajan yo kenbe yo.

LÒD POU KANPE TRAVAY LA:

Si rechèch Biwo Travay Piblik la montre nenpòt moun, nan kad pèfòmans yon pwojè ki kouvri, gen pa respekte oswa fè espre pou l pa respekte dispozisyon ki nan atik sa a, ajan taks la dwe ekri moun sa a pou fè l konnen yo ka pase yon lòd pou kanpe travay la ak dwa yo genyen pou yo konteste lòd sa a nan yon odyans. Si yo pase yon lòd pou kanpe yon travay aprè yon odyans, li dwe rete aplikab jiskaske Komisè Travay la di li retire l, aprè yon desizyon final sou plent lan oswa kote yo korije mankman pou obeyi oswa pa obeyi a.

CHANJE LÒD TRAVAY YO AK LÈ GEN PLIS DEPANS KI FÈT:

Pou pwojè kote nan senk jou nan kòmansman konstriksyon an depans total konstriksyon an te evalye pou l pi ba pase senk milyon dola oswa total finansman piblik la te pi ba pase 30% depans total konstriksyon an depase senk milyon dola, nenpòt lòd pou chanje lòd travay la depans anplis ki fèt oswa ogmantasyon nan finansman piblik la ki lakoz depans total pwojè a depase senk milyon dola oswa finansman piblik la depase 30% depans total konstriksyon an kote depans total la depase senk milyon dola, dispozisyon ki nan seksyon 224-a a ap aplike e aprè sa pwojè a ap vin yon pwojè ki kouvri.

Fòmilè Atestasyon Pwojè ki Kouvri/Demann Enfòmasyon pou Salè ak Lòt Avantaj dwe ranpli epi ale nan espas senk jou ouvrab.